

**Ikinyamakuru  
ca Ekleziya  
Gatolika  
Umwaka wa 68  
Gisohoka kabiri mu  
kwezi  
Ikiguzi : 500FBu**

Email: [journalndongozi@gmail.com](mailto:journalndongozi@gmail.com)

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi-  
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

# NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.  
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»  
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°777 15 Gitugutu 2022

## «Muzombera ivyabona» (Ibikorwa vy'Abatumwa 1,8)



2. «Mugarukire iyo isi igarukira»: Ubutumwa bwamaho bwo kumenyesha Inkuru Nziza kw'isi yose.

Mu guhamagarira abatumwa kumubera ivyabona, Umukama yazu-tse, arabamenyesha aho barungitswe: « i Yeruzalemu, mu Buyuda bwose no muri Samariya, mugarukire iyo isi igarukira» (Ibikorwa vy'abatumwa 1, 8).

Akaranga kugurukiye bose k'ubutumwa bw'abigishwa karibonekeza neza ngaha. Urugendo abatumwa bahamagariwe ku-zo-

gira ruribonekeza: ni kuva i Yeruzalemu (hafatwa mu migenzo y'Abayuda nka hagati na hagati y'isi) gushika mu Buyuda no muri Samariya no gushika iyo isi igarukira. Ntibarungitswe kwigarurirako abantu ariko barungitswe kumenyesha Inkuru Nziza.

Igitabu c'ibikorwa vy'abatumwa kiratumenyesha iyo ngendo y'ubutumwa: kiraduha ishusho nziza ya Ekleziya iri ku rugendo, kugira ngo irangure umuhamagaro wayo

Soma ku Rup. 2

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

\* Mélance NDAYIKEZE

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

\* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

\* MSV Anatolie NIYIMPAYE

Uwujejwe imigenderanire:

\* J. de Dieu NDIKUMANA

Foto : Mélance Ndayikeze

## Ekleziya Katolika y'i Burundi yaraye yuguruye Yubile y'imyaka 125 Inkuru nziza isamiranye



Soma ku Rup. 4

## Ibirimwo

o «Ijambo rya Yezu ni We nyene»: Tereza Mwiza Festival .....5

o «Kwigisha si umwuga gusa, ni ibanga».....7

o Ikiza «Ebola», tuzitire tutaronerwa.....9

o Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa ubuzima bwo mw'ibarabara.....10

# Idominika ya 29, Umwaka C

**Igisomwa ca mbere:** *Ihunga : 17, 8 - 13*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ihunga :

*(Igisabisho gihozako ca Musa kiratsinda abansi)*

Mu gihe Abanyisraeli bari mu gahinga, abamaleki baraja gutera i Refidime. Musa rero abarira Yozuwe ati: “Dusobanurire abantu, ubajane mugwanye abamaleki ; nanje ejo nzohagarara ku mpinga y'umusozzi, nitwaje ya nkoni y'Imana ». Yozuwe agira nk'uko Musa yamubariye nyene, aja kugwanya Abamaleki ; Musa na Aroni na Huri baraduga, baja ku mpinga y'uwo musozzi. Maze Musa iyo amanitse amaboko, Abanyisraeli nibo batera baja imbere; ayamanuye naho, abamaleki bakaba ari bo batera baja imbere. Maze, amaboko ya Musa arateba araruha; bafata ibuye, bararimufatira aryicarako; Aroni na Huri bagumya amaboko yiwe, umwe ku ruhande rumwe, uwundi ku rundi: amaboko yiwe araguma gushika izuba rirenge. Yozuwe rero aratsinda Abamaleki, abatsindisha inkota.

**Igisomwa ca kabiri :** *2Timote : 3,14 - 4, 2*

Ivyo dusoma mw'ibaruwa rya kabiri Umutumwa Paulo yandikiye Timote :

*(Umuntu w'Imana aca abangukirwa, akagira ibimukwiye ngo akore igikorwa ciza cose)*

Mwananje nkunda cane :

Urazigama ivyo bakwigishije, kuko uzi ko ari ivy'ukuri, ukamenya n'ababikwigishije. Kuva mu buto bwawe, wamye umenya Ibitabu Vyeranda: birashobora kuguha ubwitonzi bugushikiriza ubukiri kubera ko twamera Yezu Kristu. Icanditswe cose cohejwe na Mutima w'Imana kandi gifise akamaro mu kwigisha, mu guhanura, mu kugorora no

mu kurera mu butungane. Gutyo, umuntu w'Imana aca abangukirwa, akagira ibimukwiye ngo akore igikorwa ciza cose. Ndakwihanikirije imbere y'Imana n'imbere ya Kristu Yezu azocira urubanza abazima n'abapfuye, ndabigusavye kandi kw'izina ry'uwozoseruka mu buninahazwa bw'inganji yiwe: igisha udahengeshanya abaguteze amatwi n'abakwihoza, hanura, wihanize, uremeshe, mu bwitonzi no mu bwira bwinshi.

**Inkuru nziza:** *Luka : 18, 1- 8*

**Alleluya, Alleluya.**

*Dukundanye, Imana iratugumamwo, n'urukundo rwayo rukaba rurangukiye muri twebwe.*

**Alleluya.**

Ivyo dusoma mu Njili nyeranda yanditse Luka :

*(Imana izoburana abayo bayiborogera ijoro n'umutaga)*

Umunsi umwe, Yezu yaciriye abigishwa biwe umugani, kugira abigishwe ko bikwiye guhozako gusaba ntibarambirwe, ati: “Habaya mu gisagara umucamanza atubaha Imana, abantu nabo ntabababare. Muri ico gisagara nyene, haba umupfasoni yama kumusaba amubwira ati : “Urantunga umburane, unkize uwirirwa arampama” Aramwankira kabiri, gatatu. Hanyuma yibwira ati : “Naho ntubaha Imana, abantu sindabababare, uyu mupfakazi arangora, ngira ndamucire urubanza rwiwe, yoye kumena amatwi.” Umukama arasubira ati: “Nimwumve imvugo y'uwo mucamanza mubi. None Imana niyo itoburana abayo bayiborogera ijoro n'umutaga? Niyo yobatevya? Ndabwiye: izobaburana bidahagaze. Ariko, none aho Umwana w'umuntu azogarukira, mbe azosanga ukwemera kw'isi?”

## «Muzombera ivyabona» *(Ibikorwa vy'Abatumwa 1,8)*

*(Bitangurira ku rup.1)*

wo kumenyesha Kristu U-mukama, iyobowe n'ubuntu bw'Imana mu bihe vyose vy'ubuzima. Kukaba nkako, uruhamo abakristu ba mbere bagiriwe i Yeruzalemu rwatumye bakwiragira mu Buyuda no muri Samariya baraha baramenyeshya Kristu aho baca hose (Raba Ibikorwa

vy'Abatumwa 8, 1.4). Uruhamo rusa n'urwo ruracibonekeza no muri kino gihe.

Abakristu benshi bategerezwa guhunga bakaja mu bindi bihugu, mu bihe vy'uruhamo rw'abemera be n'ivy'ingwano n'ubugizi bwa nabi. Turashimira abavukanyi bacu

batiyugaranira mu bubabare bwabo, ariko bamenyesha Kristu n'urukundo rw'Imana mu bihugu biba vyabakiriye. Ni ubwo butumwa U-mweranda Papa Paulo wa gatandatu abahamagarira kugira, amaze kubona “uruhara ntangere izo mpunzi zerekana mu bihugu vyabakiriye”

Kukaba nkako, turabona kenshi na kenshi ingene abakristu bavuye mu bihugu bitandukanye berekana ishusho y'amaparuwase bagatuma aba ayo kw'isi yose, agenewe bese. Kubera ivyo, ubutumwa bw'abimukira ni igikorwa co kumenyesha Inkuru Nziza tutofata minene-

# «Muzombera ivyabona» *(Ibikorwa vy'Abatumwa 1,8)*

*(Bitangurira ku rup.2)*

rwe. Burashobora gufasha kandi abakristu b'aho hantu gusubira kugira akanyamuneza k'ukwemera baronse. Ijambo "kugarukira iyo isi igarukira" rizokabura abigishwa ba Yezu mu bihe vyose rikazobatumwa kandi kugenda bakarenga imihingo bamenyereye kugira ngo bamushingire intahe.

Naho mw'iterambere tugezemwo hariho ibifasha gushikana Inkuru Nziza kure, haracariho uyu musu uturere aho abamisiyonari bashingira intahe Kristu batarashobora gushikana iyo Inkuru Nziza y'urukundo rwiwe.

Ku rundi ruhande, nta kintu na kimwe kiraba ubuzima bw'umuntu abigishwa ba Kristu bofata minenerwe mu butumwa bwabo bwo kumenyesha Inkuru Nziza. Ekleziya ya Kristu yamye iri, kandi izokwama ari iyigenda igana iyindi mihingo mishasha y'isi, y'imibano y'abantu no mu buzima bwabo, mu bibazo bishobora kurengera abantu, kugira ngo ishingire intahe Kristu n'urukundo rwiwe ku bantu bose bo mu miryango yose, bo mu mico n'imigenzo yabo yose.

Muri iyo ntumbero, ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza buzokwama ari ubutumwa burangurirwa mu bihugu vyose, nk'uko twavyigishijwe n'Inama Nkuru yabereye i Vatikanu ubugira kabiri, kuko Ekleziya itegerezwa gutera ija imbere ubudahengeshanya, kugira ishingire intahe urukundo rwa Kristu kuri bose.

Mboneyeho kwibuka no gukengurukira abamisiyonari benshi batanze ubuzima bwabo, bagakwiza urukundo rwa Kristu mu bavukanyi babo bashikiyeye mu mihingo ya kure.

3. «Muzoronka ubukomezi Mutima Mweranda azobazanira»: Nimukundire Mutima abakomeze yongere abayobore imisi yose

Amaze kuzuka, Kristu yaramanyesheje abatumwa biwe ko bazomubera ivyabona atako abemerera ingabirano zo kurangura ubwo butumwa: «Muzoronka ubukomezi Mutima Mweranda azobazanira, muheze rero muje kumbere ivyabona» (Ibikorwa vy'abatumwa 1,8).

Kukaba nkako, nk'uko tubishikirizwa n'igitabu c'Ibikorwa vy'abatumwa, ni neza na neza inyuma y'aho Mutima Mweranda yururukiye ku bigishwa ba Yezu habaye igikorwa ca mbere co gushingira intahe Kristu yapfuye akongera akazuka, hamwe n'intahe y'Inkuru Nziza Petero Mweranda yashikirije abantu b'i Yeruzalemu.

Ni muri ico gihe abigishwa ba Yezu batanguye kwigisha Inkuru Nziza kw'isi yose bashize ubwo ba n'amakenga. Na none Mutima Mweranda yari yabakomeje mu kubaronsa ubutwari n'ubwitonzi bwo gushingira intahe Kristu imbere y'abantu bose.

Nk'uko «ata muntu yashobora kuvuga ati: Yezu ni Umukama, atamurikiwe na Mutima Mweranda» (1 Abanyakorenti 12, 3), ni ko ata mukristu n'umwe yos-

hobora gu-shingira intahe nyayo kandi y'ukuri Kristu Mukama atayobowe na Mutima Mweranda.

Kubera ivyo, umwigishwa mumisiyonari wa Kristu ahamagariye:

- Kumenya uruhara shingiro rw'igikorwa ca Mutima,
- Kubana na We mu buzima bwa misi yose,
- Kugabana ubudahengeshanya ubukomezi n'umuco bivuye kuri We.

Vyongeye kandi, mu gihe twumva uburuhe, twacitse intege, tujuragirika, nitwibuke gusenga twambaza Mutima Mweranda. Ndasubiriye kubishimangira kandi, ko igisabisho gifise uruhara ntasubirizwa mu buzima bw'abamenyesha Inkuru Nziza, kugira Mutima We soko ridakama ry'Imana adusubize itoto yongere adukomeze, mu kanyamuneza ko gusangira ubuzima bwa Kristu n'abandi.

«Kuronka akanyamuneza ka Mutima ni inema. Ni bwo bukomezi bwonyene dushobora kuronka kugira twigishe Inkuru Nziza, duheze tugaragarize Umukama ukwemera kwacu» (Raba Ijambo ryashikirijwe abayobozi b'Ibikorwa vya Papa vyo kumenyesha Inkuru Nziza, ryo kw'igenekerezo rya 21 Rusama 2020).

Mutima rero ni Umuyobozi w'ukuri aturwanako mu gikorwa co kumenyesha Inkuru Nziza: Ni we atanga ijamba ribereye, mu gihe kibereye no mu buryo bubereye. Ni muri uyu muco w'igikorwa ca Mutima Mweranda dushakakandi kuzirikana ama-

sabukuru yo kumenyesha Inkuru Nziza muri uyu mwaka w'2022.

Ishingwa ry'Igisata co gukwiza hose ukwemera, mu mwaka w'1622, ryakabuwe n'icipfuzo co guteza imbere ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza mu yandi makungu. Cabaye icyumviro kirengeye ubwenge bw'abantu kandi caje hageze!

Ico Gisata ciyerekanye nk'ihangiro ryo gufasha Ekleziya mu butumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza nk'uko iri nyene: ni ukuvuga igumana ubwigenge bw'ukutinjirirwa n'ubutegetsu bw'iyi si, kugira hashingwe amadiyoseze agaragaza ubutwari budasanzwe mu butumwa bw'igihe ca none.

Turizigiye ko, nko mu gihe co muri ibi binjana bine biheze, ico Gisata, kimurikiwe n'umuco n'ubukomezi vya Mutima, kizobandanya kandi kitarushirizaho mu gikorwa caco co guhuza, gutu-nganya no kuremesha Ubutumwa bw'Ekleziya bwo kumenyesha Inkuru Nziza.

Uwo Mutima nyene, ayobora Ekleziya yose, aramurikira kandi n'abantu batobato mw'irangurwa ry'ubutumwa budasanzwe bwayo. Niho umwigeme wo mu Bufaransa Paulina Mariya Jaricot, yatanguza Igikorwa co gukwiza hose ukwemera, haraheze neza na neza imyaka 200.

Ishirwa ryiwe mu bahimbazwa rikaba ryabaye kw'igenekerezo rya 22 rusama, muri uyu mwaka wa Yubile. Naho ico

## Ekleziya Katolika y'i Burundi yaraye yuguruye Yubile y'imyaka 125 Inkuru nziza isamiranye mu Burundi

Ku wa 1 Gitugutu 2022 i Bujumbura ku kirimba ca Bikira Mariya kiri ku musozi Gikungu, niho Ekleziya Katolika y'i Burundi yugurura icese umwaka wa Yubile y'imyaka 125 iheze inkuru nziza ya Yezu Kristu imenyekanye mu Burundi.

Uwo musu wahuriranye no gusozera umwaka wa Yubile y'imyaka 400 Papa Grégori wa XV ashinze igisata gitunganya kandi gikurikiranira hafi ubutumwa bwo gukwiza hose inkuru nziza ya Yezu Kristu.

Abungere b'amadiyoseze yose agize Ekleziya y'i Burundi kumwe n'intumwa ya Papa mu Burundi hamwe n'Abepiskopi babiri b'inararibonye bakiho, bari bateye iteka ivyo birori. Ku ruhande rw'abajewe intwari, ibirori vyari vya-

tewe iteka n'umushikiran-ganji wa mbere Gerevazi Ndirakobuca.

Abihebeye Imana abafurera n'ababikira, isinzi ry'abakristu, abaje base-rukiye ama diyoseze yose y'igihugu, bari bakubise harazima.

Ntawutari anezerewe n'akanyamuneza ko kumva Ekleziya y'i Burundi yinjije mu myaka w'125 isamiriza inkuru Nziza ya Yezu Kristu.

Nk'uko Musenyeri Yohakimu Ntahondereye, Umwungere wa Diyoseze ya Muyinga akaba n'umukuru w'inama y'Abepiskopi Katolika b'i Burundi yabivuze, iyo nkuru nziza ya Yezu Kristu si iyindi, ni Kristu ubwiwe.

Ati: «Akanyamuneza tu-



Foto : Mélanche Ndayikeze

**Bamwe mu bakristu bari mw'isengero nkuru mu nkuka ya misa y'ivyo birori vyo kwugurura umwaka wa Yubile y'imyaka 125**

riko turigina ni Yezu Kristu ubwiwe, Umwana w'Imana yatsinze urupfu rwo ku musaraba none ubu ni muzima mu myaka n'imyaka. Iyo niyo Nkuru nziza yasamiranye mu gihugu cacu, haracye imyaka 125.»

Abamisiyonari ba Afrika baje kutumenyesha iyo nkuru nziza ngo nta nkeka bari barongowe na Mutima Mweranda. Ni na co gituma ivyo bakoze vyamye

ivyamwa vyinshi.

Musenyeri Ntahondereye ati: «Nk'uko atawushobora kuvuga ko Yezu Kristu ari Umukama atavyohejwe na Mutima Mweranda, niko kw'uko, ntawushobora kumenyesha inkuru nziza ya Yezu Kristu atavyohejwe na Mutima Mweranda».

Nk'uko Musenyeri Yohakimu Ntahondereye Umwungere wa Diyoseze Muyinga

**Ibikur. urup. 12**

## «Muzombera ivyabona» (Ibikorwa vy'Abatumwa 1,8)

gikorwa c'ugukwiza hose ukwemera catanguye mu bihe bigoye, yaremeye kumurikirwa n'umuco w'Imana kugira haboneke urunani rw'abasabira ubwo butumwa kandi bakegeranya imfashanyo zigenewe abamisiyonari. Gurtyo abemera, bisunze akarorero ka Paulina Mariya Jaricot, bashobore kwitanga batiziganya mu gikorwa co kumenyesha Inkuru Nziza gushika iyo isi igarukira.

Ni kuri ico ciyumviro kidasanze havuye umusi mpuzamakungu wahari-we ubutumwa bwo gukwiza hose Inkuru Nziza, duhimbaza ku mwaka ku mwaka, maze agatererano kavuye mu mibano yose,

kagenewe ikigega rusangi Papa akoresha mu gushigikira igikorwa co kumenyesha Inkuru Nziza.

Muri iyo ntumbero, ndabibutsa kandi Umwepiskopi w'Umufaransa Karori wa Forbin Janson yatanguje igikorwa c'ubutumwa bw'Imikangara y'Imana kugira ngo ateze imbere umutima wo kumenyesha Inkuru Nziza mu bana, bisunze icivugo: « abana bamenyesha Inkuru Nziza abandi bana, abana basabira abandi bana, abana bafasha a-bandi bana bari kw'isi yose».

Ariko kandi ndabibutse umupfasoni Yohana Bigard yatanguje igikorwa citiriwe Petero mweran-

da Umutumwa kugira gishigikire abaseminari n'abasaserdoti bari mu butumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza. Ivyo bikorwa bitatu vya mbere vyo kumenyesha Inkuru Nziza vyemejwe nk'ibikorwa vya papa, haraheze imyaka 100. Ni kubera kandi umuco n'ubuyobozi bwa Mutima Mweranda umuhimbazwa Paolo Manna haheze imyaka 150 avutse, yatanguje igikorwa twita uno musu urunani rw'abasaserdoti, abihebeye Imana n'abakristu balayike bamenyesha Inkuru Nziza kugira ngo ahimirize yongere atere intege ubutumwa bw'abasaserdoti, abihebeye Imana n'igihugu

cose c'Imana.

Papa Paulo wa gatan-datu, yarabaye na we nyene umunywanyani w'ico gikorwa arahava arace-meza nk'Igikorwa ca Papa. Ndabibukije ivyo bikorwa bine vya Papa vyo kumenyesha Inkuru Nziza, kubera ivyiza ngirakamaro vyavyo muri kahise kandi ndabatimirira kuvyinovora muri uwu mwaka udasanze kubera ibikorwa vyo gushigikira ubutumwa bw'Inkuru Nziza muri Ekleziya yo kw'isi yose igaragarira mu madiyoseze. Ndipfuzako amadiyoseze yovoma muri ivyo bikorwa, uburyo burashe bwo gukomeza umutima

**Ibikur. urup.5**

## «Ijambo rya Yezu ni We nyene»: Tereza Mwiza Festival

Ku wa 2 Gitugutu 2022, umuryango w'abafurera wa Bikira Mariya wo ku musozi wa Carmel bafadikanije n'igisata kijejwe ubutumwa bw'abarayike muri diyoseze nkuru ya Bujumbura, baratunganiye ku ncuro igira kabiri ihiganwa ry'imirwi y'abaririmbirama hamwe n'abaririmvyi baririmba ku gatwe kabo, ku civugogo ngo "Ijambo rya Yezu ni We nyene". Ayo mahiganwa bayita Tereza Mwiza Festival.

Nk'uko twavyiganiye na Furera arongoye aba Calme bo mu Burundi no mu Rwanda, ngo ayo mahiganwa ari mu ntumbero yo guteza imbere ubutumwa bw'abarayike. Iryo babikora bisunze inyigisho z'umweranda Tereza w'Umwana Yezu no mu maso heranda.

Ati: « Ico civugogo "Ijambo rya Yezu ni We nyene" twagikuye mw'ikete uwo mweranda yandikiye mukuruwe Mama Genevieve amugaragariza akanyamuneza afise ko kunywana na Yezu mw'Ijambo ryiwe. Natwe tugashaka ko biciye mu ndirimbo, abantu bose bamenya ko Ijambo rya Yezu ari We nyene ».



Abo ni abaririmbirama bo mu murwi Voix des anges yo muri paruwase Kinindo batahukanye ikibanza ca mbere bakaronka n'igikombe kigenewe iryo higanwa

### Ubuhinga mu kuririmba buratandukanye

Abaririmbirama bari bitavye ayo mahiganwa bari abo mu maparuwase yo mu ntara z'ubutumwa za Gihosha na Saint Michel. Imirwi icenda (9) ky'abaririmbirama niyo yashoboye gusozera ihiganwa.

Abaririmbirama baririmba ku gatwe kabo nabo bari umunani (8). Umurwi wose canke umuririmbirama wese yari afise uburenganzira bwo kuririmba indirimbo zibiri, zose zisungaga icivugogo c'ihiganwa.

Imirwi yose imaze guheza indirimbo zayo, umurwi ugizwe n'abantu batanu wari ujejwe gutanga amanota wara-

tangaje ingene ihiganwa ryagenze.

Hisunzwe ubuhinga bukoreshwa mu kuririmba, umurwi w'abaririmbirama bo mu Kamenge, "Chorale de la Résurrection", nibo batahanye ikibanza ca nyuma kuko mu ndirimbo zibiri baririmbye, hariho imwe yaronse amanota ubusa kuko batayiteguye bisunga amategeko y'ihiganwa n'icivugogo bahawe.

Imirwi y'abaririmbirama itatu ya mbere niyi y'iyi: Chorale Voix des anges yo muri paruwase Kinindo niyo yatahanye ikibanza ca mbere, gurtyo itahana igikombe kigenewe umurwi wa mbere n'ibahasha y'amafaranga y'amarundi angina umuriyoni umwe n'ibihumbi amajana atanu.

Umurwi wa kabiri ni

Chorale Saint Vincent de Paul yo mu Nyakabiga yahawe ibahasha y'ibihumbi amajana umunani na mirongo itanu.

Umurwi wa gatatu wabayeho chorale des jeunes de la Mère Misericordieuse wo muri paruwase Mikaheri Mweranda. Nawo waronse ibahasha ry'ibihumbi amajana atanu y'amarundi.

Abaririmbirama baririmbye ku gatwe kabo nabo bari 8.

Uwabaye uwa mbere ni Vigny Pavel Kagimbi ava muri paruwase Kinindo. Uwo yahawe ibahasha y'ibihumbi amajana atatu.

Uwa kabiri ni Nice Kirezi na wenyene avuka muri paruwase Kinindo. Yahawe ibahasha y'ibihumbi ijana na mirongo itanu.

Uwa gatatu yabayeho Ange Kelly Ikezwe wo muri paruwase Mikaheli Mweranda. Nawe yahawe ibahasha y'agashimwe k'ibihumbi ijana.

Abagiye mw'ihiganwa bose bararonkejwe akaganyuka k'uko bashitse mu mwanya wa nyuma.

*Mélance Ndayikeze*

## «Muzombera ivyabona» (Ibikorwa vy'Abatumwa 1,8)

wo kumenyesha Inkuru Nziza mu gihugu c'Imana. Bavukanyi nkunda, mbandanya ndota mbona Ekleziya yose mu mibano rukristu yayo imenyeshya Inkuru Nziza n'ishakirishasha. Ndasubiyemwo icipfuzo ca Musa yagiriye igihugu c'Imana cari mu

rugendo: « Ahubwo iyo igihugu cose c'Umukama kiba cari gicitse abahanuzi! » (Iharura 11, 29).

Ese iyaba twese twashoboye kuba muri Ekleziya ico twagizwe n'ingabirano y'ibatisimu, kubw'ububasha bwa Mu-

tima Mweranda, mu kuba abahanuzi, ivyabona, abamisyonari b'Umukama, gushika iyo isi igarukira.

Bikira Mariya, Mugabekazi w'abamenyesha Inkuru Nziza, dusabire.

*Bigiriwe i Roma, ku cicaro ci-*

*tiriwe Yohani Mweranda w'i Laterano, igenekerezo rya 6 Nzero 2022*

*Ku musu mukururu w'Ukumenyekana kw'Umukama Papa Fransisko*

*Vyahinduwe mu Kirundi n'ibiro Ndemeshabutumwa bw'Ibikorwa vya Papa vyo kumenyesha Inkuru Nziza ya Yezu Kristu mu*

*Burundi.*

**Ndongozi y'Uburundi**

## Imyaka 15 irarumanye paruwase Kanyosha ivutse

Ku wa 25 Nyakanga 2022, umuryango w'abakristu wa paruwase Kanyosha wazindukanye akanyamunyeza ntangere ko kwigina isabukuru y'imyaka 15 iheze paruwase Mugabekazi w'ikigongwe yo mu Kanyosha ivutse. Vyongeye, uwo musu wahuriranye no kwugurura umwaka w'ubutumwa 2022-2023 no kwakira icese abakristu 60 bahamagariwe ubutumwa budasanze bwo gusangiza abakristu umubiri wa Kristu.

Ibirori vyatangujwe n'inkuka ya misa itewe iteka na Musenyeri Anatole Ruberinyange intumwa akaba n'icariho gikuru c'Umwepiskopi wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura, Musenyeri mukuru w'inararibonye, abasaseredoti, abihebeye Imana hamwe n'isinzi ry'abakristu.

Mu gihe co kwitsa Ijambo ry'Imana, Musenyeri Anatole Ruberinyange yibukije abakristu gushesha iteka inema bagabanye mw'isakramentu ry'ibatisimu. Ati: «Inema y'ibatisimu ntidukingira ibitugora, ahubwo ituma dushobora kwikorera umusaraba wacu kumwe na Kristu mukumugendanira tutadohoka, tutajuragirika».

Yerekeje ku bakristu 60 bahamagariwe kugaburira igihugu c'Imana Umubiri wa Kristu, Musenyeri Anatole Ruberinyange ati: «Igitarangaro gisumba ibindi vyose ni ukwigira umuntu kwa Yezu Kristu, akicisha bugufi kandi agahitamwo kwamana natwe mw'isakramentu ry'Ukaristiya.»



**Ubutumwa budasanze bwo gusangiza bumeze gute?**

Musenyeri Anatole Ruberinyange yabarungitse muri ubwo butumwa, yagize ati: «Ni ubutumwa budasanze kuko ari ubutumwa busanzwe buhabwa abadiyakoni n'abasaseredoti. Iyo rero buhawe uwutari umusaseredoti buba ari ubutumwa budasanze. Ni ubwo gufasha abasaseredoti gutanga umubiri wa Kristu mu gihe c'inkuka za misa, kuja gushuza abarwaye n'abageze

mu zabukuru babashiriye Umukama. Ubwo butumwa uwubuhawe aburangurira muri paruwase yabuhereyemwo gusa kandi mu kiringo patiri mukuru w'iyi paruwase yagenye we nyene.»

Yagiriye agabisha abahawe ubwo butumwa abasaba kwama biyubara cane, boye gukora ibibatesha iteka bigahumanye n'ibiganza vyabo vyahezagiriye gutanga Umukama.

Icibonekeje gishasha uwo musu, n'uko ubwo butumwa mubabuhamwe harimwo abapfasoni, ivyo navyo bikaba bitari bimenyerewe muri iyi paruwase naho ngo atategako ribubuza.

**Mu myaka 15 iheze paruwase yarateye imbere**

Patiri Dieudonné Ntamavukiro arongoye paruwase Kanyosha, yamenyeshye ko iyi paruwase yateye imbere cane mu kiringo c'imyaka 15 iheze itanguye. Ati: «Kuva itariki 19 Nyakanga 2007 gushika uno musu, turakwije imyaka 15 ya Paruwase yacu. Muri iyi myaka turakenguruka cane kuko abakristu bariyongereye cane. Kandi iterambere ku bijanye n'inyubako za paruwase. ryariyongereye kuko harubatswe inyubakwa z'uburaro bw'abasaseredoti izi-ndi zarasanuwe, abihebeye Imana bariyongereye n'ibindi».

Mu gihe huguruwe umwaka w'ubutumwa ku civugo gishasha kigira ngo: «Twubake Ekleziya muryango mu kwakira no mu kugendera iny-



**Patiri Dieudonné Ntamavukiro arongoye paruwase Kanyosha**

gisho z'abatumwa nk'abakristu ba mbere», patiri mukuru ati: «Ico civugo si amajambo gusa, ariko ni urutonde dutegerezwa gukurikiza». Yaciye abamenyeshya ivyihuta bigiye gutangurirwako muri uwo mwaka w'ubutumwa:

\* Hazotunganywa ibikorwa bijanye no kunoganza ico civugo;

\* Kubandanya inyubakwa za paruwase cane cane kurondera ikibanza co gusengeramwo mu gace ka Nkenga no gusozera inyubako mu Busero.

\* Kubandanya kunoganza icyumviro c'umugambi udasanze wo kwagura isengero.

Tubamenyeshye ko muri iyi myaka 15 ngo paruwase Kanyosha iramaze kwibaruka paruwase Ruziba, imwe mu mashure tabariro yayo mu ntango. Ubu paruwase Kanyosha ifise imibano 51, imihari n'imirwi 36, abakirisu 6000 bahawe ibatisimu bakiri bato, abashika 4000 bahawe ibatisimu bayirondereye n'abakomejwe muri Mutima Mweranda bashika 8000.

Foto : Mélanche Ndayikeze



**Abo ni abakristu bariko bahabwa ubutumwa budasanze bwo gusangiza abandi bakristu Umubiri wa Kristu**

**Mélanche Ndayikeze**

## «Kwigisha si umwuga gusa, ni ibanga»

Ku wa gatanu Gitugutu uko umwaka utashe, hama hahimbazwa umusi mpuzamakungu wahariwe abigisha. Muri Diyoseze nkuru ya Bujumbura, uwo musu warahimbajwe n'abigisha bo mu makaminuza bahurikiye mu gisata c'abarayike b'incabwenge cegukira iyo diyoseze ku civugo ngo: «Ukwigisha muri kino gihe vyoshimikira ku zihe ngeso nziza».

Foto : Melance Ndayikeze



**Abo ni bamwe mu bigisha bo mu makaminuza atandukanye yo mu gisagara ca Bujumbura**

Patiri Dieudonné Nibizi, umwibutsamana w'igisata c'abarayike b'incabwenge muri diyoseze nkuru ya Bujumbura ari nawe yari ahagarariye ibikorwa vyo guhimbaza uwo musu mpuzamaku-ngu, ati: «Kwigisha ni ubutumwa budasanze, ni umuhamagaro, ni ibanga». Iryo jambo rya-gumye rigaruka mubafashe amajambo bese uwo musu.

Mama Mariya Goreth Nizigiyimana, umubikira wo mu muryango w'abigishwa ba Yezu, umwigisha muri kaminuza yanonosoye ivyigwa mbagarabwonko, ati: «Mu kurangura ubwo butumwa budasanze bwo kwigisha, umwigisha muri kaminuza yokwamiza ku mutima iryo banga ryo kuba "inderetsi". Kuba inderetsi navyo bisaba ko umwigisha ubwiwe aguma agira ubushakashatsi kugira ngo abo agomba kuburira ababwire ukuri kw'ibintu, atadidinganya kandi a-tabasha».

Mu cirwa catanzwe na Sururu Adolphe, umwigisha muri Kaminuza, azwi cane ku nyigisho z'imvugo n'inyifato ida-komeretsa, yaragarutse kuri izo ngeso runtu zoranga umwigisha muri kino gihe, mbere n'ibishwa bakazibutswa

uko bukeye uko bwije.

*Nkuru nkuru muri izo ngeso nziza runtu ni izi zikurikira:*

1. Ukwubaha: Ku bwa Adolphe Sururu, ingeso nziza runtu y'ukubaha ngo iduhamagarira kwubaha no kwubahiriza izina kiremwa muntu mu mpande ziwe zose. Iyo ngeso kandi kandi ituma twubaha icyumviro c'uwundi, ukubaho kw'uwundi, ibidukikije, icaremwe cose, tukacubaha tukacubahiriza.

2. Urukundo: Iyo ngeso nziza runtu ngo iduhamagarira gukunda abantu n'ibintu, ku buryo urwo tubakunda rutuma tubakingira, tugakingira n'ibintu tukongera tukabibungabunga. Uwufise urukundo ngo ntiyigera aba sindabibazwa. Yama agabiye gukingira ubuzima bw'abantu n'ibintu.

3. Amahoro: Ingeso nziza y'amahoro, ngo ni amahoro yo mu muti-ma n'umubiri, amahoro adushikana kw'iterambere kuko umwe wese yabaye mu mwidegemvyo w'ico yashakubamwo. Kubera

iyi mvo, ngo «ntamahoro aboneka ataterambere rihari, kandi ntaterambere rishoboka ahatagira amahoro.»

Inzindi ngeso nziza umwigisha yokwihatira kwama gendera akongera akazigisha n'abaregwa ni umwidegemvyo, ubutungane, kubabariranira, ubwizigirwa, kugendera ibanga, no gushira imbere na ntaryo invugo n'ibiganiro binywanisa.

**Intambamyi zihanze uwo mwuga muri iki gihe**

Kuri wo musu mpuzamakungu wahariwe umwigisha, abo bakristu b'abakatorika bigisha mu makaminuza ntibibagiye kurabira hamwe icoba gihanze umwuga wabo.

Kubwa Patiri Jeremie Bukene, Patiri mukuru wa Pauwase yitiriwe mikaheri Mweranda akaba n'umwigisha muri kaminuza, intambamyi nyamukuru ngo ni ubumenyi busigaye buri hasi cane mu bana b'Uburundi, cane cane abaza kwiga mu makaminuza.

Kugira ngo abigisha bashobore guhangana n'ibibahanze, ngo bokwamiza ku mutima ingeso nziza zoranga umwigisha w'ibanga, hakagarukirwa inyifato y'umunyeshure, ivyigwa bitangwa navyo bikitonderwa ku neza y'umunyeshure.

Sakubu Silveri, umuganga yanonosoye indwara zifatira mu mitsi nsozabwenge akaba n'umwigisha muri kaminuza, ngo biragaragara ko urwaruka rw'ubu rufise ubumenyi buri kuru-gezo rwo hasi. Kubwiwe, ngo bitumwe n'uko urwo rwaruka ruhura n'ingorane nyinshi rukiri ruto, ubukene mu mirwanyo, ubukene bw'ibikoresho mu mashure y'ibanze, ukubura ivyankenerwa mu buzima, n'ibindi.

Kubw'uko muganga rero ngo «inderero iva hasi. Abavyeyi, abarezi mu mashure y'intango, abo bese bafise uruhara ku buzima bw'umwana boshira inguvu hamwe ibintu vyohinduka.»

# Dusezere ikumirwa kugira ngo dutsimbaze amahoro

Mu ntumbero yo guhimbaza umusi mpuzamakungu wahariwe amahoro kw'isi, ishira hamwe ry'aba Guides mu Burundi baratunganiye ibiganiro ku wa 23 Nyakanga 2022 i Bujumbura, ku mirwi y'inkehwa abandi bita imigwi ikumiriwe. Ivyo biganiro vyatunganiye ku civugo ngo «Turandurane n'imizi ikumirwa mu gutsimbataza amahoro».

Uwo musi mpuzamakungu wahariwe amahoro usanzwe uhimbazwa kw'igenekerezo rya 21 Nyakanga uko umwaka utashe. Abari mu muhari w'aba Guides bobo bahisemwo kuwuhimbaza iryo genekerezo mu ntumbero yo kwifatanya n'isi yose.



Foto : Mélance Ndayikeze

Nk'uko Nadege Niyungeko arongoye umuhari w'aba Guides mu Burundi abivugaga, ngo batumiye amashirahamwe ya banyamwema, amashirahamwe y'abagendana ubumuga hamwe n'amashirahamwe y'abatwa.

Ati: «Iyo mirwi twayitumiye kubera ko ari abantu bakumiriwe mu

kibano. Twashatse ko tunganira ku ngorane babona, hanyuma turonderere hamwe inyishu kugira ngo dushikire amahoro arama.»

Umukuru wishirahamwe ry'aba Guides mu Burundi yongera ati : « Abantu bose batagerezwakumenya ko uko umuntu ameze kwose aguma ari umuntu. Yaba uwugendana ubumuga ubw'aribwo bwose, yaba uwuri mu bwoko ubw'aribwo bwose, umuntu wese arashoboye gukora uko ari, twese hamwe tugashika kw'iterambere rirama, amahoro agatsimbataza.

Nadege Niyungeko yahamagariye abantu bose kuza barifatanya n'ishirahamwe ry'aba Guides mu Burundi mu kuronderera hamwe inyishu zo gutsimbataza amahoro. «Abagendana ubumuga uko bumeze kwose, abakumiriwe mu buryo ubw'aribwo bwose mu kibano, imiryango iruguruye mu ba Guides kugira ngo dukorane.»

## Abari mu bwoko bw'abatwa ubwabo bari-kumira

Abari bitavye ivyo biganiro barashikirije amakenga ku bijanye n'iterambere ry'abatwa kuko ubwabo bari-kumira.

Leonard Habimana, umutwa arongoye ishira hamwe ADRSEPAL riharanira iterambere ry'imirwi y'abantu ba-



Foto : Mélance Ndayikeze

**Bamwe mu ba Guides bari bitavye ibikorwa vy'uwo musi bari kumwe n'abagendana ubumuga butandukanye hamwe n'abaserukiye ubwoko bw'abatwa uwo musi**

fise uburyo bubayabaye, ntaharira ko ahatari hake imiryango y'abatwa bacigungagunga, bikababuzwa amahoro n'iterambere. Ariko Leonard aratangira insiguro kuri iyo nyifato.

Ati: «Impamvu y'ukwikumira kw'abatwa, ni uko bakumiriwe kuva kera, hakagera igihe muri bo hazamwo akanjtu kababwira ko bari hasi y'abandi, badashoboye nk'ivyo abandi badashoboye, mbere bamwe bamwwe bakaniyumvira ko atari abantu nk'abandi. Ivyo bituma baca bama bikumira, mbere n'ahakoraniye abandi bantu baka-

hazibukira».

Leonard Habimana abandanya avugaga ko n'ubwo ibintu biruko, intambwe bageze ngo irashimishije kuko ubu henshi mu mihingo itandukanye y'igihugu cacu, abatwa bari mu mashirahamwe, kandi baguma bahimirizwa kugira ngo bumvishwe ko vyukuri ataho batandukaniye n'abandi.

Ni muri iyo ntumbero yaciye asaba abarongoye umuhari w'aba Guides mu Burundi gushikana ibikorwa vyabo mu mashirahamwe y'abatwa, kugira ngo nabo biyumve, babone n'uruhara rwabo mu rugamba rw'iterambere no gutsimbataza amahoro.

Abagendana ubumuga bw'ingingo z'umubiri bobo, bavugaga ko ivyo kwikumira vyari kera. ubu ngo barigishijwe baramenya. uwugenda ubumuga uko bumeze kwose arazi ko ari umuntu nk'abandi.



Foto : Mélance Ndayikeze

**Leonard Habimana, umutwa arongoye ishira hamwe ADRSEPAL**

Mélance Ndayikeze



# Ikiza «Ebola»: Tuzitire tutaronerwa

Ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kugwaanya Sida buramenyesheje abenegihugu n'abakibamwo bose ko hibonekeje ikiza c'indwara iterwa n'umugera wa Ebola mu gihugu c'Ubuganda. Twihweje uruja n'uruza hagati y'Uburundi n'ico gihugu icye mu nzira zo mu kirere (mu ndege) no hasi ku mipaka y'ibihugu duhana imbibe nka Tanzaniya n'Urwanda, duhamagariwe twese-gukurikiza ingongo zo kwikingira ico kiza ca Ebola.

Iyo ndwira irangwa n'ibi-

menyetso bikurikira : ubushuhe, ukumeneka umutwe, uburuhe budasiguritse, ukubabara mu muhogo hagakurikira ukuyogwa, ugucibwamwo, rimwe na rimwe n'ukuvirirana nk'akarero ukuva amaraso mu bonyigishi, amaraso muy mwanda mukuru.

Kubw'ivyo, Ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kugwanya ikiza Sida buhamagariye abenegihugu n'abakibamwo bose gukurikiza ingingo zo kwikingira ico kiza zikurikira :

- Gukaraba iminwe

n'amazi meza n'isabuni kandi kenshi gashoboka;

- Kwirinda gukora mu maso no ku munwa kuko ari ho uwo mugerawinjirana ;

- Kwirinda gukora ku vyo umuntu yadashwe canke yaciwemwo ;

- Kwirinda kurya ibikokovy mu'ishambacane cane ivyipfishije ;

- Kwirinda gukora ku kiziga c'uluntu batazi icamwishe.

Ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kugwanya ikiza Sida buhamagariye abenegihugu n'aba-

kibamwo bose kwama baagavye kandi bamenyesha abejwe amagara y'abantu mu gihe cose babonye uwufise ivyo bimenyetso canke bahamagare ku buntu bakoresheje umuhora wa Econet Leo ku nimero 117 kuko uruhara rwanu ari ntangere mu kugwanyaindwara z'ibiza.

**Umushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kugwanya ikiza Sida**

**Dr Sylvie NZEYIMANA**

**Ndongozi y'Uburundi**

## Indwara zifata ibigori n'umuti wokuzigwanya (Ibikurikira)

*Hari indwara zikunda gutera ibigori vyaba bikiri bito canke mwimbu. Mbega none twozigwanya duta?*

**A. Indwara z'amababi: urwerere (maladies des bandes)**

**a) Ibimenyetso biyiranga:**

- Ku mababi haza utubara twinshi duto duto dusa n'umuhondo,

- Amababi arabenja, akera gurika, hakajako uturongo

- Ibigori bifashwe bikiri bito ntibikura ngo bije hejuru kandi ntibiheka

**b) Ukuyigwanya**

- Gutera ubwoko buyirinda,

- Gutera umurima ku gihe kimwe,

- Kutarandura ibiterwa bigwaye mu kwirinda

ikwiragizwa ry'udukoko mu murima wose

**B. Indwara ziva ku bi-dukikije**

**Hokorwa iki mu gukinga bene izi ndwara?**

- Gutera kare,

- Gukoresha imbuto zirobanuye kandi zirinda indwara, zivuye ku mugwizambuto yemewe canke mu bigo vy'ubushakashatsi (nka ISABU),

- Kurandura ibiterwa bifise ibimenyetso vy'indwara canke bikura nabi

Ubukoko bubangamira ibigori

Ubukoko bukunda kwibonekeza ni : impongwa, ubukoko busa n'imbaragaasa bwirabura, n'utundi.

**Hokorwa iki mu gukinga udukoko ?**

- Gutera kare kugira ibinyugunyugu bizogere

igihe bita amagi ibigori bikuze,

- Gupompa imiti yica impongwa (orthene : 1,5 kg/ha, Dursiban: 20 kg/ha,..)

- Kuzika ibigori vyasheshwe n'impongwa uhejeje gusoroma canke kubishira muri nyabarega canke kubikubita,

- Gukingira umwimbu w'ibigori ujoreshwe umuti witwa Actellic canke Actalm Super

**C. Ugusoroma ibigori, kuvyanikira no kubibika mu bigega**

**a) Ugusoroma**

Umenya ko ibigori vyeze neza iyo ibishishwa bipfutse ibigori bibenje bias n'ivyumye; ico gihe amazi ari mu ntete yagabanutse. Igihe ciza c'ugusoroma ni ku zuba kuko iyo ari mu mvura amazi y'imvura arashobora gutuma udukoko

tumwe tumwe twonona umwimbu.

Mu gusoroma, ushobora gutema ibigorogori hasi, ugaca uhanyura ibigori canke ntuteme ugahanyura ibigori gusa kugira uwo murima uwuteremwo ibiharage biremberwa kugira bice bitembera ku bigori.

Umurimi ashobora gusoroma ibigori bikiri bitoto kugira ngo abifungure vyokejwe canke bitetswe. Iyo ashaka ivyo azokuramwo imbuto, abisoroma vyumye neza, intete zitakimenwa n'urwara.

**b) Ukwanyikira ibigori**

Mbega ibigori vyeze neza, vyanikirwa gute? Canke umwimbu w'ibigori wobikwa?

**Biracaza**

**Ndongozi y'Uburundi**

## Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa ubuzima bwo mw'ibarabara

Uburundi bwaciye mu bihe bitandukanye vy'intambara, vyatumye imibereho y'imiryango iza irahindagurika kubera rimwe na rimwe vyava ku bikomere imitima ya bamwe bamwe wasanga yaragize. Ivyo bihe vyatumye abenegihugu babaho bibayabaye, tudasize inyuma abana.

Muri ivyo bihe, haragiye haribonekeza abana bava mu miryango yabo, ugasanga birirwa bariyerereza mu mabarabara, cane cane mu mabarabara yo mu bisagara.

Uko imisi yagiye iragenda, igitigiri c'abo bana cagumye congerekana, ugasanga batunzwe no gusegerereza. Uretse gusegerereza, abo bana bigiye ingeso mbi zitandukanye mu mabarabara, izo ngeso nazo zikaba ahanini ari ubusuma, ubusambanyi hamwe n'ukunywa ibiyayuramutwe bituma bakora n'ubundi bukozi bw'ikibi butandukanye.

Retay'Uburundi, ibicishije mu Bushikiranganji bwo gushigikirana, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira, yaragerageje kwegeraniriza abo bana hamwe, bamwe barashirwa mu bigo bibaha inyigisho, ariko n'ubu abo bana baguma bibonekeza mu mabarabara yo mu bisagara, aho rimwe na rimwe usanga, kubera ibiyayura mutwe banywa, hariho abagendana imbugita, ibikwashu n'inzembe vyo kugirira nabi abenegihugu, cane cane mu masaha y'umugoroba, mu gihe abo benegihugu baba bariko baratahuka bava ku mirimo.

Biragaragara ko hoba

hariho uruhara rw'umwe umwe yogira haba mu miryango, mu kibano, mu nzego z'intwari, kugira ngo abo bana ntibagume bibonekeza mu mabarabara. Ariko naho biri uko, umwe wese ku bimwerekeye, dutegerezwa kugira icyo dukoze kugira abo bana bave mu mabarabara, baje kurererwa mu miryango. Ko rimwe na rimwe abo bana baja mu mabarabara kubera ibibazo bitandukanye baba bagiriye mu miryango iwabo, gushika naho babona ko inyishu ari uko boja kuba ahandi atari mu miryango, iyo miryango itegerezwa gukinga icyo cose cotuma abana badatanzwe ko icizere.

Turashobora kwibaza duti : « None iyo nyifato iri mu miryango yoba ituma abana baja mu mabarabara yoba ari iyihe ? Twayikinga gute ? »

Ingingo ya 25 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, mu gace kayo ka 2, ivuga ko abana bose bavutse ku bavyeyi baba ababiranye biciye mu mategeko canke abatabiranye, bategerezwa kwitabwaho co kimwe.

Ingingo ya 10 y'amasezerano mpuzamakungu mu vyerekeye ubutunzi, imibano n'imico kama, mu gace kayo ka 3, ivuga ko ibihugu vyashize umukono kuri aya masezerano, vyiyemeza gufata ingingo zose zishoboka kugira bakingire abana cane cane imiyabaga.

Incamake y'ingingo y'18 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye kwubahiriza agateka k'abana ivuga ko, uruhara rw'uku-

rera umwana rwega abavyeyi ubwa mbere na mbere, kandi bafataniye. Ibandanya ivuga ko Reta itegerezwa kubafasha mu kurangura iryo banga, ikabaronsa ibikenewe kugira ngo bashobore kurera umwana.

Ingingo ya 44 y'Ibwirizwa Nshingiro ry'Uburundi ivuga ko, umwana wese afise uburenganzira bwo kubungabungwa no kworoherezwa kurusha uko abayeho mu vyerekeye amagara yiwe, umutekano wiwe, ukudafatwa bunyamaswa, ugucurwa bufuni na buhoro canke gukoreshwa ku nguvu.

Ingingo y'289 y'igitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu mu Burundi nayo ivuga ko, kuri se na nyina b'umwana, iteka ryo kumurera ririmwo ibanga ryo kumubeshaho n'ukumuha indero, bakurikije ingene bamerewe n'uburyo bafise.

Izi ngingo duhejeje kundogagura, zirerekana ko umwana ategerezwa gukurira mu muryango, agakingirwa, akaronswa ivya nkenerwa vyose kugira akure neza, akaharonkera indero runtu, akaharonkera ndetse n'ivyo vyose bimufasha gutera imbere.

Naho izi ngingo zivuga uku, rimwe na rimwe birashika ugasanga imiryango ibayeho mu bukene, aho abo bana badaheza ngo baronke ibikenewe kugira ngo babeho neza. Niho rero rimwe na rimwe, bamaze guca ubwenge, baheza bakadukana ingeso yo gutangura kuja gusegerereza mu mabarabara, ivyo baronse ugasanga ni vyo

bitunga imiryango yabo. Ubwo bukene bushobora kuba buva :

Kw'igwiririrana ry'abantu ryibonekeza muri iyi myaka riri ku murindi udasanze, aho usanga imiryango ivyara abana benshi kandi idashoboye kubarera.

Bushobora kuva kandi ahanini ku bavyeyi badohotse kw'ibanga ry'ubuvyeyi, aho usanga birenagiza guha abana babo ivya nkenerwa, abo bana bagashima kuja kuvyironderera mu mabarabara. Abo nabo ahanini, usanga ari ba bana bavuka ku bagabo bafise ingeso mbi yo gushurashura bamwe bihenda bakayita guharika, aho abana bo ku mugore wa mbere usanga batacitaweho, kandi bahora basumirwa na se. Abagabo bafise iyo ngeso usanga barataye urugo, abakenyezi babo bagasigarana n'abana batari bubahe ivya nkenerwa, abo bana bagateba bagata bakomoka bakaja kurondera ahandi bibaza ko boronka ivyobabeshaho.

Aba bana rero bamaze kuja mw'ibarabara, baraha bakahahurira n'abandi, kenshi na kenshi babasumba, bakahigira ingeso mbi nyishi hari mwo n'ubukozi bw'ikibi butandukanye.

Bavyeyi, mwirinde kudo hoka kw'ibanga ryo kurera, reka guharika kuko bifise ingaruka mbi ku muryango cane cane ku bana.

Ikindi gishobora gutuma abana baja mu mabarabara, ni abavyeyi baturubika abana babo, aho kubereka urukundo ru-

## Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa ubuzima bwo mw'ibarabara

*(Bitangurira ku rup.10)*

tegerezwa kuba hagati y'umuvyeyi n'umwana.

Muvyeyi reka guturubika abana, niwame nyabuna ubereka urukundo.

Ntitwibagiye umubano mubi kandi uri hagati y'abubakanye, ushobora kuba intandaro y'uko umwana aja kwibera mw'ibarabara. Aha twotanga akarorero ka hafi, aho iyo abubakanye bama mu ruhagarara rwa misi yose, bivuye k'ububegito bw'umwe mu bavyeyi, abana hakagera igihe bakarambirwa no kwama muri izo nduru z'urutavavakako.

Twovuga kandi abavyeyi bafise ingeso y'akaborerwe, ituma bashika bakubita abo bubakanye abana babona, gushika naho babona abavyeyi babo nk'ibikoko, abo bana bagaheza bakabona ko ata handi bohungira atari mw'ibarabara, hako bokwama barara badasinziriyeye kubera iyo nyifato mbi y'abavyeyi babo.

Iyi ngeso ituma abo bana bakura batagira urukundo muri bo, gukora ikibi bakabibona nk'ikintu gisanzwe kuko bakuze babibona ku bavyeyi. Niho rero bwa bukozi bw'ikibi twavugaga buranga abana bo mw'ibarabara buheza bukaba ikintu gisanzwe mu buzima bwabo bwa misi yose.

Babona ko hako baryama mu nzu irimwo umudugararo uterwa n'abavyeyi, bopfuma baja kuryama imbere y'amazu y'ubudandarizo mu bisagara, aho naho bakaharyama babanje kunywa ibiyayuramutwe.

Abavyeyi badohoka kw'ibanga ryo kurera, bibagira ko ari icaha gihanwa n'amategeko.

Ingingo y'538 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha c'Uburundi ivuga ko, umuvyeyi adohotse kw'ibanga ryo kurera, ahanishwa umunyororo uva ku mezi 6 gushika ku mwaka umwe, n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 100 000 gushika ku bihumbi amajana 2 canke igihano kimwe muri ivyo.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko ivyo bihano bigwizwa na kabiri, iyo kwidohora vyatumye amagara y'umwana asinzikara, umutekano wiwe uhungabana canke indero y'umwana itituka.

Ibi ni bimwe muri vyinshi bishobora gutuma abana bata imiryango yabo bakaja mw'ibarabara. Aho tubonye ko bahaba mu buzima budasanze bivuye ku nyifato n'ingeso mbi vy'abavyeyi.

### **Muti none hokorwa iki?**

Mu ncamake, ego umugambi wo gukura abana mu mabarabara urahari kandi ni mwiza cane, kuko ishira mu ngiro ryawo rituma ubwo bukozi bw'ikibi butandukanye buranga abo bana bo mw'ibarabara bugabanuka. Ariko, uwo mugambi urakeneye iyindi migambi yowuherekeza kugirango ibitigiri vy'abana vyibonekeze mu mabarabara bigabanuke kandi tuzitire tutaronerwa.

1. Harageze ko hagwizwa ibikorwa vyo gusigurirwa bikwiye akamaro ko kuvyara ku rugero, kuko ibitigiri vy'abana bo mw'iba-

rabara bishobora kuba inkurikizi y'irwirirana ry'abantu, ivyo navyo bikaba vyoca mu bikorwa vya minsi yose vy'abajewe intwari, abarongoye amadini n'amashengero, hamwe n'abajewe amashirahamwe atandukanye yaba ya Reta canke ay'abikorera ivyabo.

2. Abavyeyi bomenyereza abana babo bakiri bato kurya ivyo babiriye akuya mu kubamenyereza gukora. Abavyeyi badohotse kw'ibanga bokwisubirako, bagaha ivya nkenerwa abana bibarutse, bagakura bafise urukundo bakura ku bavyeyi abatabikoze bagahanwa n'amategeko.

3. Abajewe guha inyigisho abagomba gushinga izabo, boshimikira cane ku ruhara rw'abavyeyi mu ndero y'umwana, kuko imbuto itewe niyo imera.

4. Abajewe intwari, kuva hasi gushika hejuru, bokurikirana inyifato y'imiryango iri aho bajewe, kugira na ntaryo bame bariko barahanura iyo miryango yose ifise inyifato ishobora gutuma ineza y'umwana ihungabana, uwutabikurikije agahanwa hisunzwe amategeko.

5. Abavyeyi bokwama hafi y'abana babo mu kubumviriza no mu kubaha umwana ukwiye wo kuyaga, bagashimikira cane kuri ivyo vyose bituma abana bagira kazoza keza no ku ngeso abana bategerezwa kwirinda kuko ataho zishikana.

6. Ikibano cokorerwa mu runani, abana bafise ingeso mbi bohanurirwa muri ico kibano nyene amazi atarerenga inkombe, kuko izo ngeso mbi nizo ziheza zikaja zirahanahanwa

uko urwaruka rugenda rurakurikirana. Aha twovuga nka ya mirwi yo mu kibano ifashanya mu guhanahana ingurane, hojamwo no guhanurana hamwe noguhanura hakiri kare umwana atanguye ingeso zitabereye.

7. Ingeso yo guharika yoranduranwa n'imizi, kuko abana bavuka muri ubwo buryo, ntibaheza ngo baronke indero ihagije kuko ni gake baronka amahirwe yo kurerwa n'abavyeyi bompi kandi bwari uburenganzira bwabo.

8. Indero y'abana yogarukirwa, bakarereshwa ibikorwa n'impanuro za kivyeyi, zitegurira abana kuba abantu b'ubuntu n'ibanga muri kazoza kabo.

Mu gusozera, twokubitira akagohe abavyeyi bafise inyifato mbi, bokwibuka ko abarundi bayamaze ngo wiba uhutse ukigisha uwuri mu mugongo. Bibuke, bamenye ko ari bo icitegererezo c'abana babo bakazomera nka bo muri kazoza. Abana bavuka ku bavyeyi bubakanye, si bo bonyene bategerezwa gufatwa neza bagakingirwa ubuzima bwo mw'ibarabara. Oya namba, uko gukingirwa gutegerezwa kugirirwa abana bose ata n'umwe avuyemwo. N'iyi umwana agize ikibazo ntarerwe n'abavyeyi b'amaraso bigasaba ko aja kuba mu wundi muryango akaba umwana w'umurerano, ategerezwa gufatwa neza, kandi abajewe intwari bategerezwa kugiramwo uruhara.

*Ikigo ca leta kijewe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko*  
«CPDHPG»

## Ekleziya Katolika y'i Burundi yaraye yuguruye Yubile y'imyaka 125 Inkuru nziza isamiranye mu Burundi

(Bitangurira ku rup.4)

akaba n'umukuru w'inama y'Abepiskopi Katolika b'i Burundi yabivuze, ngo Musenyeri Lavigerie, ari nawe yari arongoye umuryango w'abamisiyonari b'Afrika ico gihe, ntiyahengeshanya kwibutsa abatunwa ko bagatiye gutembere no kwigarurira ibihugu ngo babicure bufuni na buhoro.

### Ivyamwa inyuma y'imyaka 125 biragaragara

Musenyeri Ntahondereye aremeza ko inyuma y'imyaka 125 Ekleziya katolika imaze mu Burundi, ukwemera kw'abakristu ngo kwarateye imbere cane. Musenyeri ati : «Ivyamwa si agaseseshwa rumuri ni vyinshi cane: Amadiyoseze aramaze gushika umunani mu gihe inkuru nziza yatanguye atadiyoseze n'imwe ihari. Mu 1959 niho habonetse amadiyoseze ya mbere ya Gitega na Ngozi na Bujumbura. Amaparuwase yaragwiriyeye cane, abasaserdoti b'imvukira barenga igihumbi, abakristu muri diyoseze imw'imwe barababa umuliyoni muri rusangi, hari imihari myinshi y'ubutumwa mu rwaruka no mu bazuze, n'ibindi vyinshi.»

N'ubwo buri uko, uwo Mwe-piskopi ntiyiyobagiza y'uko hari ivyagiye biragora abarundi batari bake muri kahise, n'abakristu nyene barimwo. Ivyo ngo vyibonekeza mu bihe bidasanze vy'ubwicanyi n'ayandi makuba igihugu caciyemwo. Ivyo ngo bituma twibaza yuko inkuru nziza ya Kristu tutayakiriye nkuko twategerezwa.

Umwungere ati: « Ivyo bidutuma n'uno musitwumva ko tugikeneye gukundira Yezu Kristu ngo adukoreko, dushobore kwerekana mu migenderanire yacu no mu ndinganizo dushinga yuko vy'ukuri twisunga umuco w'urukundo rwiwe.»

### Ihangiro ni gukomeza Ekleziya yo kuziko

Mu gihe iyo Yubile yugururwe ku civugo ngo: «Nitwijukire ubutumwa bw'ingo n'imiryango, urugorukristu rwose rube Ekleziya yo kuziko imenyeshya hose inkuru nziza,» Musenyeri Yohakimu Ntahondereye aratanga umuco. Ngo «Ukwemera kudakomerejwe mu miryango, aho abavyeyi n'abana bahurira, n'ahandi ntikwoshobora kuhashika.»



Foto : Mélanche Ndayikeze

### Urubanza rumwe rumara zibiri

Mu gisata c'ubutumwa bwa Papa bwo kumenyeshya inkuru nziza ya Yezu Kristu, uwo musitwumva wari umwamiyango. nko gusozera ama yubile menshi ajanye n'ubwo butumwa.

Ubwa mbere, ico gisata cari kiramutse gisozera umwaka wa Yubile y'imyaka 400 Papa Grégori wa XV ashinze igisata gitunganya kandi gikurikiranira hafi ubutumwa bwo gukwiza hose inkuru nziza ya Yezu Kristu. Ico gisata cashinzwe mu mwaka 1622.

Vyongeye, wari umusi wo gusozera Yubile y'imyaka 200 umuhimbazwa Mariya Polina Jaricot atanguye ishirahamwe ry'ubutumwa bwo gukwiza hose inkuru nziza.

Hasozerewe kandi Yubile y'imyaka 150 Patiri Paulo Manna avutse. Uwo mupatiri wo mu gihugu c'Ubutaliyano niwe yatanguye

igikorwa ca Papa c'ubutumwa bw'urunani rw'abamenyeshya inkuru nziza. Yavutse mu 1872.

Yubile igira kane yasozerewe ni Yubile y'imyaka 100 Papa Piyo wa XII yemeje nk'ibikorwa vya Papa igikorwa c'ubutumwa bwo gukwiza hose inkuru nziza, igikorwa c'ubutumwa bw'imikangara y'Imana n'igikorwa citiriwe Petero Mweranda umutumwa.

Hari abakristu bari mu bisata bitandukanye vy'ubutumwa bwa Papa bwo kumenyeshya hose inkuru nziza bari baje baserukira abandi mu madiyoseze yose.

Nk'ikimenyetso co kurungikwa mu butumwa, abo bakristu barahawe amashapule y'abamisiyonari, ngo bagende kubandanya barangura ubutumwa bwabo bongera babusabira baciye ku muvyezi Bikira Mariya.

Foto : Mélanche Ndayikeze



Bamwe mu bakristu bahawe amashapule y'abamisiyonari hamwe n'amatare y'amashasha ngo babandanye bashikana hose umuco w'inkuru nziza ya Yezu Kristu